

Chè Envite,

Test & Trace Corps swete nou byenvini nan Otèl Pwogram Pran Swen lan, kote nou kapab mete tèt nou apa san danje, yon fason pou nou pwoteje tèt nou ak sila ki konte pou nou yo, epi pou nou anpeche COVID-19 la simaye. Nou vle ou santi w konfòtab epi jwi avantaj de tout sèvis ak sipò ki disponib pou ou yo pandan ou isit la.

Sèvis ki vin annapre yo GRATIS:

- Transpò ale-retou soti nan otèl la ak pou ale nan nenpòt randevou medikal ki nesesè yo.
- Chanm ak douch prive
- Tès COVID-19 sou plas
- Wi-Fi ak kab televizyon gratis
- Apèl telefonik lokal san limit pou w rete konekte
- Manje maten, manje midi, ak manje nan aswè chak jou
- Sèvis entèprèt
- Livrezon preskripsyon medikaman
- Doktè, enfimyè ak travayè sosyal ki kalifye ki la pou bay sipò swen sante sou plas
- Telesikyatri pou jwenn aksè ak founisè swen sante mantal yo

Pou sekirite w, gen estaf ki la nou plase sou etaj ou a menm. Yo ka ede w epi siveye sante w pandan w nan otèl la.

August 2020\_Haitian Creole

Pou w aprann plis, al gade nan [testandtrace.nyc](http://testandtrace.nyc)

Si w gen lòt bezwen tankou si w bezwen manje, lajan kach pou ede w, lojman oswa w pa ta renmen yo mete w deyò nan kay ou ye a oswa lòt sèvis jiridik, nou gen manm nan ekip la ki ka ede w.

Sejou w fè nan Otèl ki nan Pwogram Pran Swen an pa afekte lòt avantaj w ap resevwa, tankou kapasite pou w aplike pou yon rezidans pèmanan (grinkat). Anplis, tretman medikal oswa sèvis swen sante preventif ki gen rapò ak COVID-19 PA P konsidere anba règleman chaj piblik la.

Nou vle w santi w konfòtab epi an sekirite pandan sejou w la. Si w gen nenpòt kesyon oswa w ta renmen rapòt nenpòt pwoblèm, tanpri pale ak estaf ki la pou sèvi etaj ou a, oswa kontakte resepsyón an.

Ak tout kè mwen,

Test & Trace Corps la